НАСЫПГУЭШУ къэпльытэ хъуну лотереем Іэхэр щыпэсым ахэр гупсысэ хэхуащ, арщхьэкІэ фейдэшхуэ къызэпэкІуэти, ябгъинакъым. Щхьэусыгъуэ къагъуэтащ: мурадыфым хуэгъэзамэ, сыт хуэдэ джэгуакІэри зыхэрэмкъым. 1922 гъэм властыщІэр зиІэ дыдэу ягъэджагуа лотереем къыхахамкІэ мэжащІалІэхэм ядэІэпыкъуащ, зы илъэс дэкІри, Граждан зауэм зэхикъутахэр зэфІэгъэувэжыным трагъэкІуэдащ. 1927 гъэм а джэгур егъэкІуэкІыныр Осоавиахимым (иужькІэ ДОСААФ) и пщэ далъхьа иужь а лотереемкІэ къэпхьэху хъууэ ящІащ, ахъшэм нэмыщІ, автомобили, жэми, Лениным и лэжьыгъэхэр къыщыщхьэ том 60-ри. Хэку зауэшхуэм иужькІэ илъэсипщІкІэ лотерее Іуэху зэрахуакъым: цІыхухэр къулейсыст. 1969 гъэм Гъэмахуэолимпзэхьэзэхуэхэр Москва щрагъэкІуэкІмэ, абы къэралым и пщІэр хуабжьу къыззыІэтынур ягу кьэкІащ. Ар хъарзынэт, ауэ абыхэм ятекІуэдэну мылькур дэнэ къыздрахынур? ХэкІыпІэ къагъуэтащ: цІыху куэд къызыхашэну лотерее ирагъэкІуэкІын хуейщ! СССР-м СпортмыкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Ивонин Виктор къигупсысащ икІи къихьилъхьащ «Спортлото» цІэрыІуэр. Ар щІэгъэкъуэнышхуэ хуэхъуащ ІэнатІэм и мызакъуэу, езы Совет Союзым и зыужьыныгъэми.

ДжэгукІэ къэс хабзэ иІэжщ. Ивониныр абы и блыгуащІэтхэмрэ къатІэщІыжащ курыт лІэщІыгъуэхэм Китайм щызекІуэу щыта «кено» жьауІэр. Ар зытещІыхьар хьэрэмыгъэ псори хэгъэкІыныр: бжыгъэхэр зытет шархэр ираІъхьэ, иужькІэ зэхагъэзэрыхьри, зырызурэ кьрах. СССР-м и зэманым бжыгъэ 49-м щІэщ 6-р къэзыщІэм саугъэт нэхъыщхьэр къихьырт. Лотереер махуи 10 къэс зэ ирагъэкІуэкІырт. Билетхэр газетхэмрэ журналхэмрэ щащэ киоскхэм щызэбграхырт мелуан бжыгъэкІэ. Ахэр ящэхурт зэрымыпудым (кІэпІейкІэ 30 и уасэт) щхьэкІи къамыгъанэу. АрщхьэкІэ, апхуэдэхэм деж зэрыхабзэщи, псалъэмакъ мышыухэр къежьащ, жюрим хэтхэм зыхуейхэр трагъакІуэу жаІэу. Лототрон ящІын хуей хъуащ. Эстониемрэ ЩІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ къыщагупсыса е Іэмэпсымэм бжыгъэхэр къыхихырт, кІэрахъуэурэ. ИтІани мыарэзыхэр щыІэт...

Москва щыщ зы цІыхубз сом мини 5 кІыхьэуа иужь, лотереем дихьэхащ, щІэри жыри. А зэманым улахэр тумэни 10-м (сомы 100) щигъуртэкъым. Зи насып къикІам а сом мини 5-мкІэ «Москвич» е къежьагъащІэ «Жигули» къыхуэщхунт. Ауэ апхуэдэхэр мащІэт. ЦІыхуэхэр нэхъри къыдашэхьи папщІэ 1973 гъэм къыратъэжьащ «36-м щыщу 5-р къэщІэф» джэгукІэри. Иужьрейм къыхэкІ псори трагъэкІуадэрт 1980 гъэм ирагъэкІуэкІыну Олимпиадэм зыхуэгъэхьэзырыныр. Ахэр мащІэтэкъым - тхьэмахуэ зэхуаку къэс (иджы апхуэдэу хъуат) билет мелуани 10 хуэдиз ягъэджэгурт. «Спортлото»-м хыхьат Совет Союзым щыпсэухэм я процент 70-р - пионерхэм къыщыщІэдзауэ пенсионерхэм я деж щиухыжу.

«Фэ къэфхьэхумэ, спортми къэхьэху» къыхуеджэныгъэм щІэту илъэс 20-м къримубыдэу «Спортлото»-м сом мелард 500-м нэблагъэ къыщІахащ. Ар зыхуэдизыр фи нэгу къыщІэвгъэхьэн папщІэ жьитІэнщ 1970 гъэхэм СССР-м зы илъэсыкІи Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къаруэхэм ятригъэкІуэдэр сом мелард 20 хуэдизу зэрыщытар.

Иджы джэгукІэ лІэужьыгъуэ куэд къежьащ, ауэ нобэр къыздэсым нэхъыжьхэм ягу ихужьыркъым дэрэжэгъуэ ин къезыту щыт «Спортлото»-р.

● Гъавэ къэкІуэнур...

Гъавэ къэкІуэнур...

Совет лъэхъэнэм губгъуэ лэжьыгъэхэм дащытетхыхькІэ дэ, журналистхэм, фІэкІыпІэ имыІэу ди тхыгъэхэм хэдгъэхьэрт, «дуней щытыкІэхэр мыщІэгуами» псалъэхэр. Абыкіэ къэдгъэлъагъуэрт мэкъумэшыщІэм гъавэ кърихьэлІэным пыщІа гугъуехьыр, ар сыт щыгъуи зэрымытыншыр. ИкІи пщы дупсыртэкъым, дуней щытыкІэхэр зэи къуажэдэсыр зэрыкуеи дыдэм хуэдэу къыщІидзыртэкъым - мы машІэу къыхэхуэрт апхуэдизу зэлІэлІа хьэсэхэр уэгъым щиубыд е кърахьэлІэжьыным нэблэгъа гъавэр уэм щихьыж.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым аргуэру къигъэлъэгъуащ цІыхур къэхъукъащІэхэм зэрыпэлъэщынур. Хуабэу екІуэкІа мэплъжьхьэ мазэм иужькІэ накъыигъэм щІыІэр къытеуащ Урысейм и курыт, ипщэ щІыналъэхэм. Дунейм гуэдзым и уасэхэр 2023 гъэм и ныщхьэуІу лъандэрэ нэхъ ин дыдэу щыдэкІуеІащ. Псори гузавэм зэщІищтащ: Урысейр дунейм нэхъ гъавэ куэд дыдэ щызыщэ къэралщ.

ЩІыІэр еуащ нэгуэщІ къэкІыгъэхэми: пхъэщхьэмыщхьэ жьигъэми мэракІуэхми.

Нэхъ мащІэми, къулейсысзыгъэхэр зыльэІэсахэм ящыщщ ди гъунэгъу Ставрополь, Краснодар крайхэр, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэр.

Ауэ щІыналъищым - Воронеж, Липецк, Тамбов областхэм - Іуэхур щыхьэлъэщ. Пэжщ, языныкъуэ щыпІэхэм жьлэхэр щІэрыщІэу щытрасэж хъунущ, ауэ абы къоІ гъавэ щІэныр текІуадэхэм хуэдитІкІэ заІэтыну. Апхуэдэ щыкІэкІэ КъаІэрыхьа гуэдзыр бжьыхьэм зи уасэнум зэкІэ демыгупсысмэ нэхъыфІщ. Дэ гу лъытакІэщ ди тыкуэнхэм щІакхъуэр нэхъ лъапІэ зэрыщыхъум. Дауи, зыхагъахъуэр гъавэ къэкІуэнум и уасэрэкъым, атІэ ягъэтІылъауэ тонн мелуан бжыгъэкІэ зэтелъ ногъаБэрей, уеблэмэ ищыпэрей гъэ гуэдзырщ: пуду ящэн ямыдэу ар зыхъумахэм иджы Іуэхур зыхуэкІуар КъагъэсэбэП...

Ауэ езы хэщІыныгъэхэр сыт хуэдизу?

ІэщІагъэлІэхэм къалъытащ хьэсэ гектар мелуан хуэдизу щыІэм исауэ. Псори зэхэту ахэр гектар мелуан 85-рэ зэрыхъум тепщыхьмэ, куэдкъым, языныкъуэ щыпІэхэм, ипэкІэ зэрыжьыПащи, жьлэхэр щІэрыщІэу щытрасэж хъунущ. Ауэ абы зэуэ дриГъэуеинуц арыншами лъапІэ гъэсыныпхъэхэм, техникэм и пкъыгъуэхэм я гасэхэр.

Іисраф хъуари, дауи, гуэдзым и закъуэкъым, ардыдэр къащыщІащ хьэми, соеми, фошыгъу жэгунДэми. Іуэхур нэхъ гугъу ещІ жылапхъэхэр ирикъуу зэрамыІэм. Ахэри зэрагъэпэщын хуейщ.

ЩІыІэр ирикІуащ Липецк, Тамбов, Воронеж, Пензэ областхэм, Тэтэрым, Башкирием. Языныкъуэ щыпІэхэм ар градуси 8, хэбгъэзэхьмэ, 11 щыхъу щыІащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы къэтІэпІу, къэгъагъэу хуежьа къэкІыгъэхэр къелынукъым. Аращ мэракІуэхэкІэр апхуэдизу щІэлъапІэр - Москва зы щымэракІуэ хиломраммыр сом 700 - 800 я уасэу телевизорым кьелъэпІащ. Ауэ, ІэщІагъэлІэхэм зэрыжаІэмкІэ, ар мы щхьэусыгъуэр мыхъуами, дэкІуеинут: зи гугъу тщІы къэкІыгъэхэр зехьэным текІуадэм илъэс къэс хохъуэ.

АрщхьэкІэ икІэм-икІэжьым мыІэрыси сани уимыІэу уекІуэкІыфынущ, нэхъыщхьэр гъавэрщ, арыншауэ цІыхур псэуфынукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ шынагъуэ гъэри щыІэжьыЩ. Урысейм езым ерыскъыкІэ и шынагъэншагъэр къыззэрипэщыну къудейкъым, атІэ икІи игъэззэщІэнущ гуэдз нэгуэщІ къэралхэм ярищэнмкІэ зэгурыІуэныгъэхэм тету и пщэ дилъхьэжа къаІэнэхэри. Абы шэч хэлъхъым.

● Уасэхэр

Хамэ къэралхэм иращэм хагъахъуэ

2030 гъэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш-промышленнэ комплексым къищІигъэкІ продукцэм щыщу хамэ щІыналъэхэм хурагъашэм и куэдагъым, 2021 гъэм щыІа бжыгъэхэм елъытауэ, хуэдэ 1,5-кІэ хигъэхъэнущ икІи абы я уасэр доллар мелуан 25,9-м зэрынэхъэснущ. Иджыблагъэ екІуэкІа зэІущІэм ар щыжиІащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэн.

УРЫСЕЙ Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм республикэм ирищІылІа зэгурыІуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2024 гъэм щІыналъэм и АПК-м хамэ щІыналъэхэм мэкъумэш продукцэу яхурагъэшэнущ доллар мелуан 13,9-рэ хуэдиз и уасэ.

«Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и продукцэр хамэ къэралхэм яхуегъэшэн» лъэпкъ пэхуэщІэм къызэрыхэщымкІэ, республикэм къалэн нэхъыщхьэу зэхуигъэуВыжат 2023 гъэм мэкъумэш продукцэу доллар мелуан 13,4-рэ и уасэ ищну, ауэ абы фІыуэ щІрагъэгъуащ. ЕрыскъыхэкІыу щыналъэм ирашам и уасэр доллар мелуан 23,9-м нагъэсащ. ЯгъэзэщІэну къапэщылъа къаланым процент 78,3-кІэ щІрагъэгъуащ.

Сыжажэ Хьэсэн къызэрыхигъэщамкІэ, 2023 гъэм псори зэхэту экспорт ягъэкІуа продукцэм и процент 34-р жылапхъэщ, нартыхур нэхъыбэу. Процент 51-р яубыдащ ерыскъым, псыхэкІым, консервым, макароным. Республикэм апхуэдэуи ираш краснымалыр, маргариныр, семышкІэ дагъэмрэ абы кьыхэщІыкІа нэгуэщІ зэхэлъэхэр.

Республикэм и АПК-м и продукцэхэр хурагъашэ хамэ къэрал 20-м щІигъум.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дунеяплъэ жыжьэ

ЩІыуэпсым и зэфІэкІыр

Абхъазым и Арабикэ (Къухьэпіэ Кавказым) бгылъэ щІыпІэм щыІэ «Верёвкиным и бгъуэнщІагъыр» 1968 гъэм къаГуэтауэ щытащ Красноярск къалэм и спелеологхэм. Абы и кІыхьагъыр километр 17,5-рэ хьурт. 2018 гъэм щІэныгъэлІэхэм Іэмал яГуэтащ абы и лъащІэм ехыу и кууагъыр зыхуэдизыр къапщыну - метр 2212-рэ...

ЗЭИ зримыкьэлІа тельыджэт ар. Дуней псом щынэхъ куу дыдэу къалъита бгъуэнщІагъыр Гиннесс и тхылъым иратхащ. Абы ипэкІэ бжьыпэр зыІыгъа «Крубер и бгъуэнщІагъыр», метр 2197-рэ зи кууагъыр, етІанэ увыпІэм еІэпхъухэм хуей хъуащ, ауэ гъэщІэгъуэныр а бгъуэнщІагъ кууитРи а зы щыпІэм - Абхъазым и Арабикэм - къызэрыщагъуэтарт. Зыхуэбгъадэ хъун щымыІэу апхуэдизу куу бгъуэнщІагъэр «карстовэ» лІэужьыгъуэхэм ящыщщ. Абыкіэ зэджэр псыр зыпэлъэщ пкъыгъуэ нэхъ щабэхэр щІым хилъэсыкІыу е хэткІухьыпэу адрей зыпэмылъэщар бгъуэнщІагъ нэщІу къащыщнэрщ.

БгъуэнщІагъхэм я къуэнхукІэр, я тепльэр, я инагъыр зэрызэхуэмыдэм хуэдэ къабзэу, я зэхэлъыкІэкІи зэщхьэщхькІ.

«Кристаллхэм я бгъуэнщІагъ» щыІэщ Мексикэм. 2000 гъэм метр 290-рэ зи кууагъ шахтэм цІыхухэр лажьэу здащІэтым зэрымыщІэкІэ къагъуэта бгъуэнщІагъым метр зэбгъуэзнатІэ мини 5 хьурт, и утыку нэхъ иным метри 109-рэ и кІыхьагът. ИтІанэ, плъагъун къудейр куэд и уасэщ бгъуэнщІалъэпкъ пэхуэщІэм къызэрыхэщымкІэ, республикэм къалэн нэхъыщхьэу зэхуигъэувыжат 2023 гъэм мэкъумэш продукцэу доллар мелуан 13,4-рэ и уасэ ищну, ауэ абы фІыуэ щІрагъэгъуащ. ЕрыскъыхэкІыу щыналъэм ирашам и уасэр доллар мелуан 23,9-м нагъэсащ. ЯгъэзэщІэну къапэщылъа къаланым процент 78,3-кІэ щІрагъэгъуащ.

Сыжажэ Хьэсэн къызэрыхигъэщамкІэ, 2023 гъэм псори зэхэту экспорт ягъэкІуа продукцэм и процент 34-р жылапхъэщ, нартыхур нэхъыбэу. Процент 51-р яубыдащ ерыскъым, псыхэкІым, консервым, макароным. Республикэм апхуэдэуи ираш краснымалыр, маргариныр, семышкІэ дагъэмрэ абы кьыхэщІыкІа нэгуэщІ зэхэлъэхэр.

Республикэм и АПК-м и продукцэхэр хурагъашэ хамэ къэрал 20-м щІигъум.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Жэрдэм

Кавказымрэ Кърымымрэ зыщапльыхьынущ

«Заповедный Кавказ» проектым хэту «Крым» щІалэгъуалэ клубымрэ «Турист Крыма» жылагъуэ зэгуэхьэныгъэмрэ жэрдэм ящІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кърымымрэ щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт я Іуэхущ Іапі Іэкэ зэдэлэжьэныкІэ зэгурыІуэныгъэ зэраухьилІащ.

УРЫС географие зэгухьэныгъэм (РГО) КъБР-м щиІэ и къудамэм и унафэщІ КІэрашэ Аксанэ иджыблагъэ яІущІащ туризмэмрэ лъахэхутэ Іуэхухэмкіэ сабийныбжьыщІэ центрым и унафэщІ Осокинэ Еленэрэ «Эколого-биологический центр» Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Мишневэ Натальерэ. Ахэр тепсэлъыхьащ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм, зыхунэсхэмрэ я мурадхэмрэ, апхуэдэуи, зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыІуэныгъэ зэраухьилІащ. Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ егъэджакІуэхэмрэ я гъэсэнхэмрэ Кавказымрэ Кърымымрэ зыщапльыхьыну Іэмал езытыну программэхэр.

КІэрашэ Аксанэ яІущІащ Кърымым щалэгъуалэ политикэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Зинченкэ Алексейр абы и къуэдзэ Григорян Анвирэ. Ахэр тепсэлъыхьащ я Іуэхущ Іапі Іэм мылъку къегъэщІыным пымылъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм папщІэ иригъэкІуэкІ грант - зэпеуэхэм, зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкІуэжьмэ папщІэ къызэрагъэпэща «Перезагрузка», «Доброслёт», «Таврический бриз», «Серп и молодость» проектхэм, жылагъуэ-политик ныбжьыщІэхэм я «Politzavod» зэхуьхьэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Езыхэм къатемыхуэмэ...

● Тхыдэ

Куэдрэ гупсыса иужь, США-м и президент Байден Джо арэзы хъуащ езым и жыжьэрылъэтэ ракетэхэмкІэ Украинэм и неонацистхэр Урысейм и къалэхэм еуэну. ИпэлуэкІэ абыкІэ Франджым и Іэтащхьэ Макрон Эммануэль къытригъэхьащ зыкъомрэ зизыльэфыхьа Шольц Олаф-Германием и канцлерыр. Инджылызым и зэи Киев ар япиубыду щытакъым.

ИДЖЫ НАТО-м, псом япэу Вашингтон, я ІэщІкІэ Киев куэду хъунущ Гъунапкъэм пэмыГъунэгъу урысей жылагъуэхэми. Ауэ а лъэбакъуэм къиГэлъагъуэ къудейщ ди жагъуэгъуэхэм я напэнщагъэр: куэд щІащ абыхэм апхуэдэ Іэмал ди бийм зэрыратрэ: иджыри къэс Белгород къытрагъэлъалъэ ракетэхэр зейр Атлантикэ ищхъэрэ блокым хэт къэралхэрщ, езы США-р я пашэу. Ахэр хущІокъу Урысейм Іэмал зэриІэкІэ нэхъ хэщІныгъэшхуэ кьратыну, ар лъэрымыкъ ящІыну. Дауи, Украинэр къагъэсэбэнурэ, Вашингтон едз а зэпэщІэтынныгъэм Къухьэпіэм и зауэзІіхэр хэкІуадэми. Абы кьыифІыІуэхукъым УФ-м и къалэхэм щыпсэу цІыху мамырхэр, абыхэм ЛІыжь-фызыжьхэри, цІыхубзхэри, сабийхэри яхэту, зэрызэрауІкІынур. Езыр Іэдакъэжьауэ ищІауэ лъыГэажэм кІэлъыпІынущ, зэригугъэмкІи, Урысейм и жэупри лъэІэсынукъым. Къыззрызэрагъэпэщрэ а къэралыр къызэрыгуэгурыкІуам хуэдэу сыт щыгъуи щытыну къелъэтэ. Ар зэрыщыуагъэм зэкІэ и гугъу дымыщІу къыхэдгъэщащІ удынхэр езыхэм я щхьэм щынэсым и деж американкэр егъэлеяуэ зэрыгугъеиГуафІэр тхыдэм мызэ-мытІэу къызэригъэлъэгъуэр. Дигу къэдгъэкІыжыну ирикъунущ зэпымыууэ зэрахьэкІ тхыдэм къинауэ зы.

...1942 гъэм мазаем и 25-м и жэщым Лос-Анджелес щыпсэуэхэр «зауэм» къиГэуащ. ЦІыху мелуанитІ зыдэс къалэм уэздыгъэхэр къьітеуІкІыфІащ, гъэ макъым ещхь Іэуэлъэуэшхуэм щІэту прожекторхэм зэгум къыщащІыхьуэрт къащхьэщыхьа къухьхьлъатэхэр, щэхэр фийрт, кІыфІыр ягъэнэхуу. ЦІыху жейбащхъуэхэр гужьеят, здэкІуэнур ямыщІэжу. Унэ Хужьымрэ Пентагонрэ пІащІэгъуэкІэ хъыбар ирагъэщІащ японхэр къаззрытеуам икІи икІэщІыпІэкІэ ядэІэпыкъун зэрыхуейм теухуауэ. АрщхьэкІэ зы сихьэт нэхъ дэмыкІыу зэхэуэхэр езыр-езыру ужьхьужьащ. Нэхущым белджылы къэхъуащ зыри зыми зэрытемыуар: лъэужь гуэри щыІэтэкъым. Унэхэр я пІэ итт, къраудыха къухьхьлъатэхэм я къутахуэхэр пльагъуртэкъым. Ауэ драгъэуея топышэхэм къещІэщхьажэмрэ зэрыгужьеям къыхаха гуэзымрэ цІыхуэм 7-м я гъащІэр ихьащ. Жэщ псом гугъуехьхэм хэта зауэлІхэр зэбгрыкІыжащ, загъэпсэхуну. Ауэ я унафэщІхэр кьэнащ: абыхэм къапэщытт нэпцІу зэрыгъэгужьеиныр кІыхьэхаха цІыхьэусыгъуэхэр Вашингтон гурагъэІуэну. ГъэщІэгъуэн кьэхъуат: къалэр щахъумат километр мин бжыгъэкІэ япэжжьхьэ бийм.

США-р Японием Хы хужьым зэрыщыпэщІэувэрэ мазитІым щІигъуат. А зауэм щІидзат американкэм хэщІыныгъэ хьэлъэ ягъуэтауэ. 1941 гъэм дыгъэбгъэзэм и 7-м Токио и кхъухьлъатэзехьэ флотыр къаруушхуэкІэ еуат Гавай хытІыгухэм щыІэ Перл-Харбор дзэ базэ иным. Япон кхъухьлъатэхэу 350-мрэ псыщІагъырыкІуэ кхъухь псынщІэхэмрэ американ кхъухьшхуэиплІ щІрагъэлъэфат, «Аризонэ» кьагъуэт, «Оклахома» щхьэпрырагъэдзат. Адрейхэри хьэлэчи яІат. Американ зауэлІ мини 2-м нэхъ хэхуэщат абы. Дызытепсэлъыхьым щымыщми, жытІэнщи, иджыри къэс къэзыІуэтэ щыІэщ абы щыгъуэ къэхъуар Вашингтон Токио хуимыгъэгъуэуэ икІи 1945 гъэм щыщхьэуІум Хиросимэрэ Нагасакиемрэ атом бомбэхэмкІэ иридза удыныр абы и жэуапу.

Тенджиз быдапІэу щыта Гавай хытІыгухэр япэжьжьагъкІэ США-мрэ Япониемрэ я зэхуэдэу Хы Хужьым щыІэт. Абы къыхэкІыу тегуэвэрыхь ирыахэщ Штатхэм я хы Іуфэм, абы Іус Лос Анджелес къащхьэщыхьа шынагъуэм. Абы нэхъри хигъэхъуащ Перл-Харбор иужькІэ махуитІ нэхъ дэмыкІыу Гитлер США-м зауэ зэрыриІуэлІам. Абы щыгъуэм нэмыщэжр Москва и деж иджыри къыщыщІагъэІатэкъым, Фашист Германиер зы щыпІи къыщыщагъэщІатэкъым, арати, къытекІуэн щымыІэ къарууэ къалъытэрт. Пэжщ, американ политикэм ягуэр ягъэфІыгт нацистхэм СССР-р зэуэ зэрызэрамыпхъуэфам, арщхьэкІэ ящІэрт Вашингтон къыльэІэсыну Гитлер зэримурадыр. Нэхъ махуэ зыкъыгъэльагъуэртэкъым Азием щызауэ Япониемиз. Абы и дзэхэм Филиппинхэр, Гум, Уэйк, хытІыгухэм щыІэ американ базэхэр яубыдат.

Хьыбар Іейхэр къикІырт Лондон. Дыгъэгъазэм и 26-м японхэм яубыдат Инджылызым и Гонконг колониер, мазаем и 14-м абы и къуэкІыпІэ флотыр здэщыІэ Сингапурыр. Гъэр хъуат Британием и зауэлІ къызэрыгуэкІхэу, офицерхэу мин 80. Къалэм къытеуа японхэр ар зыхъумахэм нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъ мащІэт.

Хитлим я зэхуакум дэт США-р ныкъуэнэшхуэ псэурт. Инджылызым къыІэщІэкІыу щхьэхуит зэрыхъурэ гуэзвэгъуэр зищІысыр зымыщІа американхэр гужьеят. Псом хуэмыдэу Лос-Анджелес щыпсэуэхэр. Абыхэм лъабжьэ яІэт: махуитІ ипэкІэ, мазаем и 23-м, ары Іуфэм къесылІэри, япон псыщІагъырыкІуэ кхъухьэр щыдагъэ заводым къеуат. Зыри хэжъуэдэтэкъым, Іуэхущ Іапі Іэм зыри къыщыщІатэкъым, арщхьэкІэ... ТІасхъэщІэхэхэм сакъыну псори къыхураджэрт. Лос-Анджелес километри 100-кІэ пэгъунэгъуу зыгуэрэхэр уэгум щалъэгъуауэ къащыкхъуащ. Псори пэплъэрт кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьэным. Зы офицер епІэщІэкІащ зыхуэмыыІэгъыжу: абы топ игъэуа иужь адрейхэр псынщІэ дыдэу къыпэджэжащ. Мис апхуэдэу щІидзащ «зауэм».

Дауи, дыхьэшхэщ а зэман дыдэм бий хьэщхьэрыІуэм лІэнкъэнэну япэщІэта совет цІыхуэхэм зэрахьа лІыгъэмрэ къагъэлъэгъуа бэшэчагъымрэ елъытауэ. Ахэр икІи пхузэгъэпщэнхэр, Фашист лІыыкІыпІэм пІалъэ кІыхькІэ ита Ленинградрэ Сталинградрэ нэгуэщІ къалэ куэдым я цІыхухэм ягъэва бэлыхьыр американхэм пщІыпхьэпІэуи ялъэгъуакъым, ауэ сэтей къащІащ апхуэдэ гъэунэхуныгъэ зьэлъэм къызэрыхэмыкІыкІынур. Араци, ар фІэкІыпІэ имыІэу Пентагон и стратегхэм къалъытэн хуейщ, Урысейм нэхъри къытегуплІэным теухуа мурад щащІкІэ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Фэеплъ

Балъкъэр усакIуэр ягъэлъапIэ

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и фэеплъым дех цIыху куэд щыIэзэуасат, балъкъэр лъэпкъым къыхэкIахэм я мызакъуэу, и гуащIэм щыIуазэ дэтхэнэри абы зэрыригушхуэр кърагъэлъагъуэу. Бадзэуэгъуэм и 4-м илъэс 39-рэ ирикъуащ усакIуэр дунейм зэрехыжрэ.

ЗИ ехьалэмыр къызыхэкIа лъэпкъым пэжкIэ хуэзыгъэтха, балъкъэрхэр зыпхыкIа гуэзвагъуэри абыхэм ягъуэтыжа нэпIэжкыгъуэри гугъэззгъауэ усэбзэ къабзэкIэ къззыIуэта Къайсын хуэзфIэкIар абы и Iэдакъэщ1экIхэм нэхърэ нэхъыфIу сыт къзэвгъэлъэгъунур?! Аращ ныбжьыщIэ цIыкIуэр Кулиевым и усэхэм ахэр зэрытха балъкъэрыбзэкIи зэрызэрадзэкIа адыгэбзэкIи къыщIедджар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэIущIэр къыщызэIуихыным къыхихIэщащ балъкъэр усыгъэм и нэхъ IуагапIэ дыдэр зыIыгъ Кулиев Къайсын и гъащIэкIи и лэжьыгъэкIи куэдыщэ зззыгъэхъулIэфа нэхъыжьыфIу зэрыщытыр. Илъэсым тIуэ – къыщалъхуамрэ дунейм щехыжамрэ – мыбдежым дыщызэхуэскIэрэ, абы къыпэжьа гупыэтэм и Iыхьэ мащIэ тIыдгъэсхьжьфу зэрылари жиIащ. «Зэхуэсыгъуэ къэси мы щIыпIэм худиIэ пыщIэнигъэр нэхъри нэхъ быдэ мэхъу. Ди гуапэу дыкъэкIуэ, къытхуигъэна щIэныр къытщIэхъуэ щIэблэхэм я деж нэтхьэсыфын папщIэ, усакIуэм и усэхэм ящыщ зым къызэрыщыджжIауэ, нэхъ цIыхуфI дыхъуным щхьэкIэ», - къыхихIэщащ министрым.

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIэлип. «ЦIыджжм щыщ бегъымбаруц сэ Кулиевыр къызэрысщыхъур. Ди дунейр мамырыр, ди республикэр псом япэ итын, ди къэралыр лъэщым папщIэ куэд хузэфIэкIауэ къызолъытэ», - жиIащ абы. Къайсын балъкъэр лъэпкъыр и Хэкум зэрырашам триухуа зы усэрэ ахэр я лъэхэм къызэрыкIуэжам хуэгъэпса зыра кьеджащ МутIэлип.

ЖиIэн и мащIэтхъыкIи филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, нэхъыбэу и гукъеуэхэращ япэ иригъэщари. «Аспирантэ сыщыщыта илъэсхэм Москва дэт тхьилъ щапIэкэр къыщыдэхэсхкIыжкIэ, мыкъэмыгIэу си нэгу щIэкIырт Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим хуэдэ усакIуэ лъэщхэм я Iэдакъэщ1экIхэр къэзыщэхуну хуейхэр абыхэм зэрыщIепхкIыр. Ахэр кьалъхуэрт, щIаджыкIырт, къыдагъэкIыжырт, аргуэрыжьу зэбграхырт. Тхьилъ куэду едэж кьэрал лъэщт дыщыпсэур. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунци, Литераторхэм я унэ ди къэралым и къалащхьэм дэтым ущIыхьэрэ Кулиевым и гугъу пщIымэ, ар ямыцIыхуххэнри зыхуэIуа щIэзекъым. Мис апхуэдэу зихуэжащ дунейм, гъащIэм, дэ езы цIыхухэм. Дыйейуэ аракъым, гъащIэм апхуэдэу зыззэридзэкIауэ аращ. Ауэ, дауэ хъуми, ди лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэкэр тхьумэн, ди цIыхухэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм пщIэ хуэтщIын, зэрыкъуКIэ, нэхъыбэрэ ахэр дгъэпсэун хуейщ», - къыхигъэщащ Iэдэм.

Къыкlэлъыкlуэу къэпсэлъапlэр хуит хуащIащ Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ самоуправлензм и Советым и унафэщI Уэдыжь Хьэсанш. Абы гуапэу и гугъу ищIащ я лъахэгъу Кулиевым и гъащIэм, и гуащIэм, и зэфIэкIым, зауэм щIэзэрихьа лIыгъэм. Иджыри зэ ахэр къыззхуэсахэм ягу кьигъэкIыжа иужь, зэIущIэм хэта псори Шэджэм щIыналъэм, Кулиев Къайсын и хадэ ар щIыщIалъхьжам, зэрыригъэблагъэ жиIащ.

УсакIуэм и фэеплъым удз гъэгъаахэр тралъхьащ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я кIуплъкъущIэхэм, налшыкдэсхэмрэ абы и хьащIэхэмрэ, Iуливым и зэчийр къэзыпъытэхэмрэ і Іыхьлыблагъэхэмрэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Чырбыжхэ я унагъуэр

● Хъыбар гуапэ

Къэрэшей-Шэрджэсым креатив индустриехэмкIэ и еджапIэ щытекIуащ Тэтэрстан Республикэм и Нижнекамск къалэм япэу щекIуэкIа «Кинобаза» кинофестивалым. Абы щагъэлъэгъуащ макъамэр зи псэм хэлъ Чырбыжхэ я унагъуэм теухуа фильм.

ЗЭПЕУЭР теухуат креатив индустриехэмкIэ Урысейм и школхэм я егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ Унагъуэм и илъэсым, кьинэмышIауэ лIощIыгъуэкIэрэ балигъи ныбжьыщIи зы Iуэхугъуэ дыдэхэуцу ныбжьыщ зыщIыгъуэкIэрэ унагъуэхэм ятеухуа кино игъэхьэзырым. ЛIэужьилпI хуэауэ макъамэмрэ творчествэмрэ дихьэхыу къэгъэзгурыкIуэ Чырбыжхэ я унагъэр. Аращ креатив индустриехэмкIэ школым щагъэхьэзыра лэжьыгъэр зыпгъраухуари. Фильмым лъабжьэ хуэхъуэр унагъуэм и нэхъыжьым зэхилъхьа макъамэм и тхыдэр. Шахмат джэгур фIыуэ зэралъагъум хуэдэу, а макъамэр лIэщIыгъуэкIэрэ унагъуэм ямыгъэкIуэду яхъумэр.

Чырбыжхэ я унагъуэм бынитху кьихъуащ: Ася, Аслъэн, Борис, Бэлэ, Аидэ. Дэтхэнэри макъамэм дехьэх. Зэщхьэгъусэхэу Аликрэ Зулетэрэ сабийхэм зэрыщIыкIуэрэ зразыжь, макъамэмрэ гъуэгуанэ драгъэхьэх. Хабзэ яхуэхъуауэ, пщIыхьэщхьэ кьэс, я Iуэхугъэ зэрахьу, зэхуэсуэрэ фIыуэ ялъагъу зы макъамэ ягъэзащIэ.

Унэгущэ Зулетэ пшынэ, шыкIэпшынэ, Iэпэпшынэ, гитарэ, пианинэ жыпIэми, Iэмэпсымэ куэдым йоуэ, уэрэди етх. Кьапщтэмэ, кьуаждэдэхэм я гимн хъущ абы итха «Си Бесльэней» уэрэдыр. Ипхъу Бэлэ иритауэ жыпIэ хъунущ макъамэм щIэ зэфIэкIыр. Абыхэм жыджэру зыкъыщагъэльэгъуащ Москва ВДНХ-м щекIуэкI зэхьхьэхэм. Аидэ Iэкlуэльакlуэм бэрэбан йоуэ. Ася фортепианэмкIэ зэрыIэкIуэльакIуэм и мызакъуэу, концертым зэрызыкъыщагъэльагъуэну фэильхьэгъуэхэр ед. Зэкъуэшхэу Аслъэнрэ Борисрэ диджейщ. Аслъэн макъамэ етх, Борис Хэкум и хъумакIуэу дзэ Iуэху хэхам щыIэщ. Я адэ Алик и унагъуэм исхэр нэхъри макъамэм трегъэгушхуэ. Уеблэмэ унагъэр гушыIэу абы къыззэреджэр креатив продюсерщ.

Унагъуэм саугъэту сом мин 200 къратащи, абыкIэ къащэхунущ зыхуеину Iэмэпсымэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Футбол

Ислъэмейдэсхэращ къахуимыкIуэтыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа гъэмахуэ чемпионатым и зи чэзу, еханэ, ебланэ джэгугъуэхэр гуп нэхъыщхьэм щызэхэтащ. Тхуэ фIэкIа мыджэгуауэ, а псоми щытекIауэ «Ислъэмейрц» хэщIыныгъэншэр. ЗэкIэ очко тIурытI зыфIэкIуэда Псынэдахэ и «Родник»-мрэ Алтуд и «Искра»-мрэ япэ увыпIитIым щытхэщ. Абыхэм якIэлъокIуэ «Тэрч-ыр», «Шэрэджмий» и япэ очкор къихьащ. Араущ, гупхэм «Iэнэщ1» яхэтыжкъым.

КОМАНДЭХЭР зэрыджэгуа бжьыгъэхэмкIэ зэлъэщIыхьэжмэ, ипэкIи къызэрыхэдгъэщащи, нэхъ гурыIуэгъуэ хъуну дыщоугугъ хэт сыт хуэдэ зэфIэкI бгъэдэлъми. Иужь зэIущIэхэм ящыщу псом япэу къыхэгъэщIипхъэр, футболым дихьэхэр нэхъ яфIэгъэщIэгъуэну зыкIэлъыплъар, нобэкIэ адрейхэм ящхьэщыкIауэ зи цIэ кьитIуа командитIым я зэIущIэрщ. Джэгугъуэ тхурытхыу ирагъэкIуэкIам хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэхэм зэхэту топ 69-рэ дзэзыгъэкIа Псынэдахэмрэ Алтудымрэ я гупхэм зэрыпемыгъакIуэу, бжьыгъэр 1:1-уэ, зэбгъэдэжьащ. А командхэм я гъащхьэтетхэмрэ гъащхьэхъумэхэмрэщ зи Iэзагъкlэ нэхъ пажэхэр - топиблщ зэгъуэсу яIэщIэкIар. Ар къэплъытэмэ, зэхуагъэу къыщIэкIынуц а зэIущIэр апхуэдэу зэриухар.

Нэхъ ипэIуэкIэ дыхуэгуэавэу дызытетхыха, щIымахуэ зэхьэзэхуэм чемпион щыхъуа Налшык и «Спартак-Д» ныбжьыщIэ командэрщ мы зэIущIэхэм нэхъ бжьыгъэшхуэкIэ, 7:1-уэ, текIуныгъэ къэзыхьар. Апхуэдэу, ар «зыщIымысхьар» Акъбащ Ищхъэрэм и футболистхэрщ.

Иужь дыдэ увыпIитIыр зыIыгъ «Псыгъэнсумрэ» «Шэрэджымрэ» я дзэщIакIуэхэр нэхъ зэрызэшар кьегъэльагъуэ бжьыгъэр къызэIуамыхауэ зэрызэдзэджагъам. Ауэ, дапхуэдэу щытми, «Шэрэджымэ» и япэ очкор зэрызэригъэпэщам нэхъ щыгуфIыкIауэ къыщIэкIынущ, нэхъ лъагэу зимыIэтами.

Иджы щыгъуазэ фIыуэтщIынщ иужь зэIущIэхэм къаркIуа бжьыгъэхэм: **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Лашынкъей»** (Лашынкъей) - **3:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **7:1**, **«Искра»** (Алтуд) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **1:1**, **«Урожайное»** (Урожайнэ) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:2**, **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Псыгъэнсу»** (Псыгъэнсу) - **0:0**, **«�логоВАЗ»** (Бабугент) - **«Искьэмей»** (Искьэмей) - **3:4**, **«Малкъ»** (Малкъ) - **«Шагъдий»** (Зеикьуэ) - **2:6**.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым гуп нэхъыщхьэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	6	5	1	0	36-4	16
2. «Искра»	6	5	1	0	35-3	16
3. «Тэрч»	6	5	0	1	24-6	15
4. «Искьэмей»	5	5	0	0	13-5	15
5. «Малкъ»	7	4	1	2	26-18	13
6. «ЛогоВАЗ»	7	4	0	3	25-21	12
7. «Шагъдий»	7	4	0	3	16-22	12
8. «Спартак-Д»	6	3	0	3	24-11	9
9. «Урожайное»	7	2	1	4	9-22	7
10. «Шэрджэс»	7	2	1	4	12-20	7
11. «Акъбащ»	7	1	1	5	9-28	4
12. «Лашынкъей»	7	1	0	6	8-31	3
13. «Псыгъэнсу»	7	0	3	4	7-29	3
14. «Шэрэдж»	7	0	1	6	3-27	1

Псы есыным дихьэххэр

Краснодар крайм хьыхьэ Кабардинкэ къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ псы есыныкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ, «Тенджыз ФIыцIэм и налкъут» фIэщыгъэр зэрихьэу. Хэгъэрейхэм я гъусэу абы хэтащ Ставрополь краймрэ Ростов, Самарэ, Астрахань областхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, нэгъуэщI щIыналъэхэми щыщ спортсменхэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и лIыкIуэхэм ящыщу абы къыщыхэжаныкIащ Мукаилов Расим: етIуанэ увыпIэм къыдэкIуэу абы игъэзащIащ ныбжьыщIэхэм япэ разрядэ зиIэ я мардэр. Щылэ щыкIуи и тренерыр Мукаилов Рагимщ.

Ещанэ увыпIэр зэхьэзэхуэм къыщихьащ Iэхъуэбэч Амилинэ, и тренерыр Беткараев Дамирщ.

КIыхьэдгъэщынщи, зэпеуэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ Урысейм псы есыныкIэ и командэ нэхъыщхьэм хэтхэр, Олимп джэгуэм, дунейпсо, европей, Урысей чемпионатхэм щытекIуахэр, апхуэдэ зэхьэзэхуэм къыщыхэныкIыжэр, дуней псом щыIэрыIуэ Попов Александрэ Караваевэ Иринэрэ я пашэу.

Медаль куэд къытхуахь

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирагъэхьэлIэри, «Налшык» спорт комплексым щIыналъэхэм самбэмкIэ я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ щагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Ставрополь краймрэ бэнакIуэу 200-м нэблагъэ.

УДЭЗЫХЬэЗыУ икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэпеуэхэм ди республикэм и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм медаль хъушэ къыщахьащ. Я хьэпIагъэр я ныбжьэр елъытауэ зыхэта гупхэм япэ щыхъуащ Кумыщ Аммар, ЛампIэжь Темырлан, Къумыкъу Ренат, Къудей Беслъэн, Калошин Дмитрий, Пшынащ Аслъэн, КъуэщIысокъуэ Алий, КъуэщIысокъуэ Сулеймэн, Хъэмырзэ Аслъэнбэч, Рахманов Макар, ДыщэкI Дамир, Дрогуэ Iэмырбэч, Хьэщпакъ Хьэбас сымэ.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Iэмин.

ЛIыхъужьхэм я фэеплъ

● Гъуазджэ

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуаздджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ художник Темрокъуэ Анатолэ и лэжьыгъэхэр.

ТЭРЧ щIыналъэм хьыхьэ Хьэмидие къуажэм къыщыхъуа Темрокъуэ Анатолэ и сурэт гъэлъэгъуэныгъэр хуитгъэпсащ 115-нэ щуудзэм хэта и адэ Темрокъуэ Барэсбий. А лэжьыгъэхэм щыбольагъу ТекIуныгъэм хущIэкъуа совет зауэлIэр къэмылэнджажу, я псэ емыблэжу бийм зэрыпэщIэтар. Мы лэжьыгъэхэр сурэтыщIым фэеплъ зыхуищIа и адэр зэи зэримыльэгъуар къэплъытэмэ, гурыIуэгъэ мэхъу ахэр гукIи псэкIи щIыззэхэпщIэм и щхьэусыгъуэр.

- Тхыдэм уриплъэжмэ, сыт хуэдэ зэманым дэтхэнэ заэлIри зыхуэщIэкъуар и Хэкур ихьумэжыныр, цIыхубэм ТекIуныгъэр къыхуихьынырщ. БлэкIами ди нобэми аращ нэхъыщхьэр. Си хэкуегъуэхэм си гуапэу си сурэтхэмкIэ садогуашэ, нэгъуэщI хэм ейм защысюгъэгъуазэ, лэжьыгъэхэм сытезыгъэгушхуэ си гъэсэнхэм я зэфIэкIхэр си щапхъэу, - жеIэ Анатолэ.

Темрокъуэр Хьэмидие къуажэм 1941-рэ щыщащ. Краснодар и техникэ училищэр къиухащ 1965 гъэм. Иужьым КъБКъУ-м и филологие факультетым урысибзэмрэ урыс литературэмкIэ и щудамэм щеджащ. Абы къыдэкIуэу Ткаченкэ Андрей и студием сурэт щIыным зыщыхуигъэсащ. Налшык къалэм Сурэтыщ1 гъуаздджэхэмкIэ и музейм 1967 гъэм щекIуэкIащ студием и гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Абы хагъэхьат Темрокъуэм и Iэдакъэщ1экIхэр икIи щIыхь тхылъым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. 1968 гъэм абы цIыхугъэ къыхуэхъуащ зэфIэкI зиIэ художник, Хэку зауэшхуэм хэта, сурэт щIынымкIэ студием щезыгъаджэ Сындыкиу Анатолэ. Темрокъуэм и Iэзагъэм щыхигъэхъуащ абы и деж. Къыщыхъуа Хьэмидие къуажэм и курыт еджапIэм сурэт щIынымкIэ щригъэджащ зы зэманкIэ.

Темрокъуэ Анатолэ и лжьыгъэхэр зытриухуа и адэ Барэсбий Хэку зауэшхуэм и пэкIэ къуажэ колхозым механизатору щылэжьащ. Ростов областым и Мартыновскэ щIыналъэм и Сальск губгъуэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм зэкIуэдащ. ЯпэщIыкIэ ар хъыбарыншэу щытами, иужькIэ и унагъуэм зэхихьэкIащ абы и щхьэм кьрикIуар. УмыгъэщIэгъуэн пльэкIыжьым хуэдэ ныбжьым имыльэгъуа и адэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ пщIэуэ хуищIымрэ. 115-нэ щуудзэм хэта лIыхъужьхэм зэрахьа лIыгъэм и фэеплъ а лэжьыгъэхэр.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Гъэмахуэ зыгъэпскIыгъуэм щIедзэ

УФ-м и МЧС-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ тетщ гъэмахуэ зыгъэпскIыгъуэ лъэхъэнэр къэхъуакIащIэ къыхэмыкIыу екIуэкIыным.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 1-м республикэм щыщIидзащ гъэмахуэ зыгъэпскIыгъуэ лъэхъэнэм. Урысей МЧС-м и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къащыткIащ ди щIыхуэхэр апхуэдэ мурадкIэ нэхъыбэу здекIуалIэ щIыпIэхэр. Мурадыр зыхуэзэгъэ зар зи гугъу тщIы зыгъэпскIыпIэхэр бджэнду кьеIыызыхахэм гъэмахуэм зэрызыхуагъэхъэзырар зрагъэщIэнырщ, щIыщIэнигъэхэр къэгъуэтынырщ.

Урысей МЧС-м и лжьакIуэхэр щыIащ Налшык къалэм и ЕтIуанэ гуэлым. Инспекторхэм зрагъэлъэгъуащ щIыпIэм и къеГъэлакIуэ пунктыр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщащ, езы къегъэлакIуэхэр гуэзвэгъуэ зыIыпсахэр псым къыхахыжьыным зэрыхуагъаасэр, япэ медицинэ дзэпыкIыныгъэ щрат щIыпIэ щыIэмэ, нэгъуэщI псори.

Къудамэм и лжьакIуэ Бжьахъуокъуэ Iэмырбий зэрыжьIамкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыхуэхэм я шинагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр зэтеухуэным и чэзум зыхуэгъэхьэзырыным. Мыбдеж псори щызэпэлъытын хуейщ.

КъыхэдгъэщхьэхукIынщ республикэм и щIыналъэм зыгъэпскIыным, зыгъэпсэхуным щIыпIэ 11 зэрыщыхуахар:

«Курортное» гуэлыр, Налшык къалэ;

ЕтIуанэ гуэлыр, Налшык къалэ;

«Къанщауэ» псы къыщIэжыпIэхэр, Аушыджэр къу.;

Уней хэзрычэтыщIэ Жэбалым игъэлажьэ псы хуабэ къыщIэжыпIэр, Аушыджэр къуажэ;

«Мая» псы пщтыр къыщIэжыпIэ;

Илщ Гуэл щхъуантIэ (Шэрэдж район);

Къалэ гуэл, Тэрч къалэ;

«Оазис», «Авангард» зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэр, Прохладнэ къалэ;

«Джэдыкъуэ» комплекс.

Псым зэрытет кхъуафэжьей цIыкIуэр щат щыпIэхэр:

«Трек» гуэлыр, Налшык къалэ;

ЕтIуанэ гуэлыр, Налшык къалэ;

«Курорт» гуэлыр, Налшык къалэ;

Илщ Гуэл щхъуантIэр (Шэрэдж район).

Абыхэм я щытыкIэр къызэрапщытам кърикIуахэм ятещIыхьауэ я къальытэнущ ахэр зыгъэпскIыпIэ лъэхъэнэм зэрыхуэхъэзырыр.

Республикэм щыпсэуахэ, ди хьэщIэхэ! Зыщщывгъэпсэху зыгъэпскIыным хухэха щыпIэхэм. Псыежэхэм зыщывгъэпскI, кхъуафэжьейхэмкIэ фытехъэ, пхъэ зэпхахэм фытесу абыхэм фыкьех хъунукъым. Псым фыщцыхьыхьэкIэ щынагъэншагъэм и хабзэхэм фытет. Зыщыбмыгъэгъупщ псым убыдыпIэ зэримыIэр, абы щынагъэншагъэр къызэпызыудэжм яхуигъэгурыкъым.

Щынагъэншагъэм и хабзэхэр фщIэнкр икIи абы фытетыныр насыпышагъэхэр къэмыхьуным я лъабжьащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖъэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зыхьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.546
Заказыр №1181

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.